




# RETE AN SEKIRITE PANDAN PATISIPASYON NAN SÈVIS LAFWA POU FÈT SA A



Pran boustè pi vit ke posib. Boustè yo travay byen vit pou ranfòse sistèm iminitè w. Ale sou [boston.gov/covid19-vaccine](https://boston.gov/covid19-vaccine) pou plis enfòmasyon.



Mete yon mask ki byen ajise, sitou pandan w ap patisipe nan evènman piblik andedan oswa deyò kote ki gen anpil moun.



Mande dirijan lafwa w yo pou yo louvri pòt ak fenèt yo. Eseye rankontre zanmi ak fanmi yo deyò otan ke posib.



Kenbe yon kit tès lakay epi fè tès anvan w ale nan rasanbleman andedan yo. Ale sou [boston.gov/covid19-testing](https://boston.gov/covid19-testing) pou plis enfòmasyon.



Rele doktè w IMEDYATMAN si w teste pozitif oswa ou pa santi w byen.

Rele (508)-213-1380 pou pale ak yon reprezantan Gothams epi aprann sou opsyon tretman potansyèl ou yo. Liy Tretman Oto-Referans Gothams COVID-19 la louvri lendi jiska samdi soti 8 a.m. rive 6 p.m.